



# Yon koutje Sou Child Health Plus

## KIMOUN KI KALIFYE?

### TIMOUN KI:

- Poko gen 19 lane
- Rezidan Eta New York
- Pa kalifye pou Medicaid
- Pa gen pwoteksyon nan lòt asirans sante
- Pa kalifye pou oswa pa enskri nan asirans nan yon pwogram avantaj sante eta (NYSHIP)
- Timoun yo kapab kalifye kèlkeswa sityasyon yo ak imigrasyon

NY State of Health konfòme ak lwa Federal konsènan dwa sivik ak lwa Eta ki anplis epi li pa fè diskriminasyon ki baze sou ras, koulè, orijin nasyonal, kwayans/relijyon, laj, sèks, eta sityasyon famiyal, kazye jidisyè, kondanasyon penal, idantite seksyèl, oryantasyon seksyèl, karakteristik predispozisyon jenetik, sityasyon militè, viktim vyolans nan kay epi/oswa vanjans.

## KISA KI GARANTI?

- Randevou pou byenèt timoun
- Egzamen fizik
- Vaksinasyon
- Sèvis laboratwa ak imajri
- Sèvis pou ijans
- Medikaman sou preskripsyon
- Medikaman ki pa preskripsyon, si se yon doktè ki kòmande li
- Swen pou pasyan entènè lopital
- Sèvis tretman akoutèm pou pasyan ki pa entènè (chimyoterapi, emodyaliz)
- Sèvis sante mantal ak sèvis pou twoub abi alkòl/dwòg pou pasyan ki entènè ak pa entènè
- Sèvis swen dan ak swen zye
- Sèvis pou ede pale ak tandè
- Ekipman Medikal Dirab
- Ospis

### KONTAKTE NOU :

[nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov) | 1-855-355-5777 oswa TTY 1-800-662-1220

## KONBYEN YON PLAN CHILD HEALTH PLUS KOUTE?

**FRÈ POU PEYE CHAK MWA:** Pri pou peye chak mwa a depann selon revni kay la ak kantite moun ki nan fanmi an. \* Pa gen okenn prim pou fanmi revni yo ba yo. Fanmi revni yo pi wo yo peye yon prim chak mwa, selon tablo ki anba la a. Pou fanmi ki pi gran yo, limit pou frè chak mwa a se sou twa (3) timoun. Fanmi revni yo depase nivo pou asirans sibvansyone yo kapab peye tout prim nan, ki varye selon plan sante ki fè pati pwogram nan.

**KOTIZASYON NAN FRÈ YO:** Child Health Plus pa gen okenn dediktib pou peye chak ane ak okenn kopeman.

Maksimòm Revni Chak Ane selon Kantite Moun Nan Fanmi An				Kontribisyon Fanmi an Chak Mwa Pou Chak Timoun (ou p ap peye pou plis pase 3 timoun)
1	2	3	4	
mwens pase \$19,984	mwens pase \$27,056	mwens pase \$34,128	mwens pase \$41,200	\$0
\$27,728	\$37,541	\$47,353	\$57,165	\$9 (maksimòm \$27)
\$31,225	\$42,275	\$53,325	\$64,375	\$15 (maksimòm \$45)
\$37,470	\$50,730	\$63,990	\$77,250	\$30 (maksimòm \$90)
\$43,715	\$59,185	\$74,655	\$90,125	\$45 (maksimòm \$135)
\$49,960	\$67,640	\$85,320	\$103,000	\$60 (maksimòm \$180)
plis pase \$49,960	plis pase \$67,640	plis pase \$85,320	plis pase \$103,000	Prim konplè, selon plan sante a

\* Baze sou Nivo Pòvreté Federal (Federal Poverty Levels, FPL) 2019. Nou ka chanje Nivo Revni yo chak ane selon Nivo FPL la.